

Mande'm de Dinozò!

Jodi a, yon enstriktè de Mize Discovery nan Acton te vizite nan klas mwen e li te fè yon pwogram sou dinozò.

Nou tout te pran pòz nou te paleyontolojis e sè ak konpetans yon syantis pou kapab fè obsèvasyon, poze kesyon, fè prediksyon, e teste ide nou. Mwen te eksplòre enpe bèl fosil. Mande'm ki kalite zouti mwen sèvi. Ou kapab mande'm pou mwen dekri fosil favori mwen.

Eske ou janm wè fosil yon ze dinozò? Mwen wè'! Ban'm di'w a kisa li te sanble e kijan mwen te santi'l.

Mande'm pou mwen di'w sou fòm nich dinozò an ak materyèl ke nou sèvi pou fè yon nich modèl.

Ansanm nou kapab eksplòre plis fason ke materyèl natirèl kapan kite yon anprent.

Enpresyon la Nati

Kòmanse kolekte yon varyete materyèl natirèl pa deyò, tankou diferan fèy, kòn sapen, ti branch, koki, grèn ak gous, ròch ki graj oubyen ki lis, foujèr, ak plim. Chwazi objè ki gen teksti ki pi enteresan ke ou kapab jwenn. Epi, chwazi yon fason pou kapab fè yon enpresyon:

Opsyon 1

Sèvi ak yon fèy papye ak yon krayon pou kreye yon enpresyon de yon materyèl ki plat ke yon kolekte (ròch, fèy, kòn sapen). Plase objè a pa anba fèy papye e desine kreyon an sou tèt li pou revele anprent la ak fòm.

Eksplòre ide ke peze yon bagay de nati kreye yon anprent, e fosil sa yo kreye nan la nati lè kouch tè peze sou bagay natirèl ki rete (menm jan w'ap fè nan moso papye an!). Mande pitit ou si yon sonje aprann de fosil ki kite yon anprent.

Opsyon 2

Kreye yon pat sèl (2:1:1 mèzi farin a sèl a dlo). Sèvi ak pat la antan kè "tè", peze materyèl ou nan pat la e obsève rezilta fòm ak modèl lan. Sèvi ak sans ou pou eksplòre, pase dwèt ou sou fòm lan ki ou enprime pat la. Eseye peze pwòp men'm nan pat la pou kapab kreye yon "fosil" de tè ou, menm jan ak tras dinozò ou te wè a!

